NYC Mayor's Office of Immigrant Affairs

# Li nga wara def sudee danga am mbokk wala xarit bu waa ICE/Immigration jàpp

Laaj yiy faral di ñëw (FAQ)

Sàŋwiye 2025

Wolof

**Mën nga am lu la wóor ci ni dañu jàpp sa xarit wala kenn ci sa waa-kër ci boo jëfandikoo jumtukaayu seet bu waa ñiy yéngu ci wàllu Doxandeem ak Duwaañ (Immigration and Customs Enforcement, ICE) ci enternet ci: locator.ice.gov**

Ngir jëfandikoo jumtukaayu seet bi, dinga soxla xam ci sa xarit bi wala sa waa-kër:

- Dëkk bi mu juddoo AK "nimero A" **WALA**
- Dëkk bi mu juddoo, tur bi, sant bi, ak bésub judd bi. (Bàyyil xel ni: tur bi warna nekk ci mbind mu leer)

**XELAL:** Ab "nimero A" mooy nimero rààññeeku bu am juroom ñett wala juroom ñeent araf ñu koy fekk ci kayitu doxandeem yu bari. Dafay topp ci arafu A. Mën nañu ko fekk itam ci lam bi ñuy takkal nit buñu ko jàppee. Ci misaal: A 000-000-000

Soo amulee nimero A, laajal sa xarit wala sa waa-kër boo déggantee ak ñoom.

# 1-800-354-0365

## Dale ko Altine ba Àjjuma, juróom ñeent waxtu ci suba ba juróom benn waxtu ci ngoon

**Firi làkk jàppandina ci làkk wi nga taamu.**

Ngir am ci sutura ay ndimbal ci wàllu yoon te doo fey dara, doxandeem yi nekk New York mën nañu woote ci buumu jokkoo bu Biro Meeri buy taxawu Mbiri Doxandeem (Mayor's Office of Immigrant Affairs, MOIA) buy taxawu doxandeem yi ci wàllu yoon (Immigration Legal Support hotline).

# Wooteel ci 311

## Waxal "Immigration"

**Firi làkk jàppandina**

Yoon yi aju ci mbiru doxandeem lu jafe la. Moytul ñiy naxaate ci wàllu yoon yi aju ci mbiri doxandeem yi wala defkatu njuuc-njaac yi la mëna nax.

**Bàyyi ci xel:** Noteer buy ligeeyee nguur gi bu nekkul awokaa bu am ndigal mënu la bind wala jébbal sa kayiti doxandeem ci sa tur. Mënu ñu la tamit xelal ci wàllu yoon.



Téere biile xibaar yi ñépp xam rekk lay joxe. Du ay xelal ci wàllu yoon. Seetal ab awokaa ngir ay xelal ci wàllu yoon.

**Waa ICE/ Doxandeem ñoo jàpp sama xarit wala kenn ci sama waa-kër. Naka laa leen di gisee?**



Bu dee waa ICE/Doxandeem dañoo jàpp sa xarit wala sa kenn ci sa waa-kër ci biir wala ci li wë New York City, di na ñu ko yobbu ci ab biro ICE ci Manhattan. Loolu dina def Yenn saay benn bés.  Ginnaaw loolu, ñu yobbu leen ci barab bu ñu leen di téyee. Yenn saay, barabu téye bi dina nekk ci New York wala New Jersey. Yenn saay mën nañu deñc nit ñi ci barabu téyekaayu doxandeem ci yeneeni dëkk. Barabi téyekaay yi mën nañu nekk ci ab kaso wala ci ab kër bu aju ci nguur Réew yu Booloo yu Amerig.

**Jàpp** → **Doxalin bi ci ab biro ICE** → **Toxal ci barabu téyekaayu ICE**

**Ndax wóor na may seeti sama xarit wala sama waa-kër? Naka laa leen mën a gisee ak yonnee leen xaalis?**



Ñu bàyyi ci xel: Soo jàxlee ngir ab jafe-jafe ci sa dosiyey bopp wala sa nekkinu way-tukki mën la yàqqal sooy seeti nit, *danga war a gis ab awokaa*.

## Laata ngay seeti nit:

**Xoolaatal bépp barabu téyekaay buñuy laaj ay rààññeekaay** ngir xàmmee nit ñi ak dafa laaj saytu seeni mbiri bopp.

**Soo bëggee xam seeni leeral** demal ci: www.ice.gov/detention-facilities. Mën nga soxla woo barabu téyekaay bi ngir dëggal xibaar bi.

**War na ñu la bind ci limu nit ñi wara seetsi sa xarit wala sa waa-kër** te di nga leen mëna seet ci yenn bés yi ak waxtu yi barab bi jàpp.



Téere biile xibaar yi ñépp xam rekk lay joxe. Du ay xelal ci wàllu yoon. Seetal ab awokaa ngir ay xelal ci wàllu yoon.

**Naka la sama xarit wala sama waa-kër mën na amee ab awokaa?**



Nguuru Réew yu booloo yu Amerig du jox awokaa doxandeem yi ñuy waaja delloo seen réew.

**Sa xarit wala sa waa-kër mën nañu leen jox awokaa jaare ko ci Porose biy boole njabooti doxandeem yi ci New York (New York Immigrant Family Unity Project, NYIFUP).**


Porose biy boole njabooti doxandeem yi (New York Immigrant Family Unity Project, NYIFUP) nekk na ab porogaraamu New york la buy **jox ay awokaa yu xereñ ci lu amul fey waa New York yi waa ICE/ Doxandeem jàpp te ñu war leen àtte ci këru àttekaayu doxandeem yi.**

**Demal ci xët bi ci topp ngir xam lu gëna yaatu ci porogaraam bi.**

NYIFUP dina jox ñi ñu jël ab awokaa bu amul fey. Ngir ñu jël nit ki **fàwwu mu bokk ci ñi ñu jàpp teg ca matal sàrt yii:**



Àtte bi ci mbiri delloo nekk ci këru àttekaay bi di Varick St. Immigration Court. Bu àtte bi nekkul ci këru àttekaay New Jersey nit ki dafa wara dëkk ci New York;



Nit ki ñu jàpp amul ab awokaa;




Mu nekk déglu bu njëkk bi ci àtte bi ci këru àttekaayu doxandeem yi; te



Payooru waa-kër gi weesu wul 200% ci Tektali Ndool yu Réew yu booloo yu Amerig tëral.

Joxe ab awokaa mën na am ci lu gaaw su bésu déglu bu njëkk bi weesoo.



Téere biile xibaar yi ñépp xam rekk lay joxe. Du ay xelal ci wàllu yoon. Seetal ab awokaa ngir ay xelal ci wàllu yoon.

# Ñenn ñi mën nañu baña am ab awokaa ci porogaraam biile.

Bàyyil xel ni porogaraam bi dafay jox awokaa nit ñi nekk ci àtte doxandeem yuy xaarandi ci kanamu àttekato doxandeem ca këru àttekaayu doxandeem. Du ñu wutal nit ñi ñuy waaja delloo wala nit ñi nekkul ci àtte buy xaarandi ku leen teewal.

## 1-800-354-0365

**Dale ko Altine ba Àjjuma, juróom ñeent waxtu ci suba ba juróom benn waxtu ci ngoon**

**Firi làkk jàppandina ci làkk wi nga taamu.**

Bu dee sa xarit wala sa waa-kër jëlu ñu leen ci NYIFUP, mën nga woo waa **buumu jokkoo MOIA Doxandeem biy jàppale doxandeem yi ci wàllu yoon** ngir xibaar ak ndimbal ci wàu yoon.



Téere biile xibaar yi ñépp xam rekk lay joxe. Du ay xelal ci wàllu yoon. Seetal ab awokaa ngir ay xelal ci wàllu yoon.

# Bu dee sa xarit wala sa waa-kër dañu mësa jokkoo ak waa Doxandeem ba noppi ñu santaane ñu delloo leen, wala ñu génnee leen New York wala New Jersey, gisal ab awokaa ci saasi.

**Bu lenn ci yii xewee, mën na am sa xarit wala sa waa-kër ñu ngi leen di waaje delloo ci lu gaaw te soxla nañu taxawu doxandeem bu gaaw ci wàllu yoon. Dafay am solo lool ñu yore bépp kayit bu jëm ci bépp toppatoo kayitu doxandeem bu jiitu bu ñu mënoona am.**

# Naka la ñu mëna xamee bésu àtte bu njëkk bi?



# 1-800-898-7180

**Mën nga xam kañ ak fan la bésu àtte bi di amee boo wootee ci buumu jokkoo bu waa doxandeem bilay xibaar.**

Nekk na tëralinu xibaar booy am ci saasi. Nekkul nit mooy wuyu woote bi. Tëralin bi rekk mooy joxe xibaar ci Angale wala ci Español.

**Bësal 1 ngir Angale**
**Bësal 2 ngir Español**

**Dugalal wala nga wax nimero A bi. Tëralin biy joxe xibaar yi ci saasi bi dina baamtuwaat nimero A bi; Bësal 1 ngir dëggal ko**

**Tëralin biy joxe xibaar yi ci saasi bi dina woo araf yi nekk ci sa turu xarit bi wala sa waa-kër bi**

**Bësal 1 ngir dëggal ko**

**Bësal 1 ngir xam bésub déglu àtte bi ci topp**

## Ñu bàyyi ci xel: Bu dee dañu feeñ ci tëralin bi te amuñu bésu àtte

# Bësal 3 ngir xool ndax am na dogal yu yàgg.

Bu dee dafa wax ni ab keru àttekaay “santaane na ñu delloo leen” loolu dafay tekki ne sa xarit wala sa waa-kër kenn du leen dégluwaat.

Mën nga itam xool ci enternet bi leerali xibaari këru àttekaay bi jaare ko ci sit bi boo bindee nimero A bi, jàppandina ci Angale ak Español.

https://acis.eoir.justice.gov/en/

# Ba kañ lañu leen di téyé?



**Nekk na laaj bu diisa tontu te mu ngi aju ci yenn xeetu tolluwaay yi rek. Dina ñu téyé sa xarit wala sa waa kër ba seen àtte jeex wala ba kerook àttekat bi laaj leen kosyoŋ.**



Du ñépp ñooy am wërsëgu kosyoŋ. Ci déglu bi ci mbiri kosyoŋ, àttekatu doxandeem yi dafay jël dogal ndax nit ki mën nañu ko bàyyi mu joge ci barab bi ñuy téyé doxandeem yi ci bu (moom wala nit ku mu xam ku mu wóolu) mënee fey kosyoŋ bi.



Ab kosyoŋ doxandeem mooy ab payoor ci nguuru Réew yu booloo yu Amerig ngir ñu bàyyi ki ñu jàpp te mu dige ni dina def wareef yépp yi tax ñu bàyyi ko, te mën na ëmb ay wareef yu joge ci àttekat bi te aju ci seen àtte doxandeem biy xaarandi.

Mën na am yeneeni pexe ngir jàmmarloo ak seen jàpp, bu dee sax nguur gi jàpp na ne sa xarit bi wala sa waa-kër bi mënul am ab déglu ngir kosyoŋ. Loolu dina laaj xoolaat bu baax seen àtte ak ab awokaa bu yàgg ci ligéey bi.

# Ndimbalu ci wàllu Kosyoŋ

Bu dee nangu nañu laaj kosyoŋ, te mënuloo ko fey, mën nañu la nangul kosyoŋ (ab pàcc wala lépp) bu joge ci mbootaay yiy ndimbale doxandeem yi ak seeniy xarit wala seeniy waa-kër ci mbiri kosyoŋ. Bokk na ci li yenn jumtukaay yi ëmb:

## The Envision Freedom Fund

Yërël seen sit ngir xam ndax dañuy nangu ay kosyoŋ: https://envisionfreedom.org/get-support/#reach-out

## The Black Immigrants Bail Fund

Bind leen bataaxalu enternet ci blackimmigrantbailfund@gmail.com

Bindal seen kayitu laaj bi nekk ci seen sit: https://www.blackimmigrantsbailfund.com/

## The LGBTQ Freedom Fund

Bind leen bataaxalu enternet ci info@lgbtqfund.org,

Yërël seen sit https://www.lgbtqfund.org/

Wooteel ci 786-233-8969

# Laneen lan laa wara def léegi?





Su fekkee yaw wala keneen da ngeena fekke fu waa immigrasiyong jàppee nit da nga **wara bind lepp lu xew ba ñu la tegee loxo wala kenn ci sa waa kër**.



Bindal teg ko ci leeral yu leer nàññ ba nga xam ne dina **ñu mëna fàttaliku te dajale bépp firnde bu nuy téye ak bu aju ci nataal**.




Téere biile xibaar yi ñépp xam rekk lay joxe. Du ay xelal ci wàllu yoon. Seetal ab awokaa ngir ay xelal ci wàllu yoon.

## Ñu bàyyi ci xel:

www.nyc.gov/knowyourrights

**Ngir am yeneen leeral yu gëna bees,**



- **Jëlal sa kameraa telefon nga tiimale ko ci kot QR bii ci suuf nga tëye ko mu jub ay simili.**
- **Bësal yëgle biy feeñ ngir mëna jot ci leeral yi.**